

Kesyon yo Poze Souvan sou Espetak Fedatifis 2026 la

Ki kote evènman an pral fèt?

Evènman an ap fèt bò Charles River, nan DCR Hatch Shell, ki nan 47 David G. Mugar Way, Boston, MA 02108. Shell la sou Charles River Esplanade, ant pon Longfellow Bridge ak Massachusetts Avenue Bridge. Fedatifis yo ap vizib ni nan bò Boston ni nan bò Cambridge rivyè a.

Kijan m ka ale nan evènman an?

A pye

Nan dat 4 Jiyè, moun ap kapab antre sou Esplanade la apati Beacon Street, atravè Berkeley Street, Clarendon Street, Dartmouth Street, Fairfield Street ak Massachusetts Avenue.

Transpò piblik (MBTA)

Sistèm tren banlye ak metwo yo se lòt bon opsyon olye pou yon moun kondwi epi chèche pakin pou evènman nan Boston yo De estasyon T ki pi pre nan bò Boston yo se Charles-MGH nan Red Line (Liy Wouj) lan, ak Arlington Street sou Green Line (Liy Vèt) lan. Nan bò Cambridge, estasyon Kendall ak Central Square nan Liy Wouj lan toupre. Pou plis enfòmasyon anrapò ak MBTA, ale sou mbta.com oswa rele 617-222-3200.

Pakin

Nou rekòmande w itilize transpò piblik (MBTA) pou w ale nan evènman an. Si w decide vini ak machin, gen plizyè pakin piblik ki pa twò lwen Esplanade la, kote ou ka mache pou rive. Garaj istorik Motor Mart Garage la, ki nan 201 Stuart Street, fasil pou w mache soti la pou ale nan Esplanade la. Si w pake la, w ap evite blokis sou Charles Street apre fedatifis yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou motormartgarage.com.

Èske evènman ap rive fèt si lapli tonbe?

Evènman an prevwa fèt, kit gen lapli kit gen solèy. Ti lapli oswa lapli ki tonbe tanzantan pap anile ni konsè a ni fedatifis yo. Si gen move tan ki grav, tankou gwo lapli ak van, zèklè oswa gwo van, ki rann li nesèsè pou n anile pwogram nan oswa pou diminye tan l ap dire pou pwoteje sekirite piblik la, atis k ap pèfòme yo ak ekip evènman an, n ap mete yon mizajou sou paj wèb sa a epi n ap fè yon anons piblik.

Repetisyon jeneral 3 jiyè a ap anrejistre, epi nou ka itilize l pou difizyon televizyon yo si konsè 4 jiyè a pa ta ka fèt akòz move tan ki grav. Tanpri sonje repetisyon 3 jiyè a pa pou piblik la.

Èske m bezwen yon tikè pou m ale nan evènman 4 Jiyè a?

Evènman an gratis epi li ouvè pou piblik la. Moun ap antre selon lè yo rive a: premye moun ki rive yo, se yo k ap jwenn plas an premye.

Ki sa Oval la ye?

Oval la se zòn ki kouvri ak gazon ki twouve l dirèkteman devan DCR Hatch Shell la. Oval la ap ouvri a 4:00 p.m, 4 jiyè.

Nan ki direksyon konsè a ap ye?

DCR Hatch Shell la anfas direksyon sidwès. Moun ki nan piblik la ap gade sèn nan nan direksyon nòdès.

A kilè konsè a ap kòmanse?

Konsè an dirèk la ap kòmanse a 7:00 p.m.

Konbyen tan evènman an ap dire?

"Oval" la ap ouvri a 4:00 p.m nan dat 4 Jiyè. Konsè an dirèk la ap kòmanse a 7:00 p.m., epi fedatifis yo ap kòmanse anviwon 9:15 p.m.

Ki atis k ap pèfòme?

Keith Lockhart ak Boston Pops, ansanm ak envite espesyal Lainey Wilson, Chance the Rapper, Trombone Shorty ak Megan Hilty.

A kilè moman dwòn ak fedatifis yo ap kòmanse?

Dwòn yo ap kòmanse anviwon 9:00 p.m., epi fedatifis yo ap kòmanse a peprè 9:15 p.m.

Konbyen tan y ap dire?

Espektak fedatifis la ap dire a peprè 15 minit.

Èske ap gen opalè ak ekran?

Wi, ap gen ekran ak opalè pou moun ki nan piblik la. Ekran yo ap nan Oval la.

Ki kamyon manje k ap la?

Nou prevwa ap gen 30 kamyon manje k ap ofri divès kalite manje..

Ki kote twalèt yo ye?

Gen plis pase 350 twalèt pòtab ki nan Boston ak Cambridge. Twalèt aksesib yo disponib nan tout zòn kote gen twalèt. Gen enstalasyon twalèt tou nan zòn aksesib yo, ni nan bò Boston ni nan bò Cambridge.

Èske y ap difize konsè a an dirèk?

Tout konsè 4 jiyè a ak espektak fedatifis la ap difize lokalman nan Boston sou WHDH-TV Channel 7, epi y ap difize l an dirèk sou aplikasyon CNN nan ak sou CNN.com, soti 7:00 p.m. rive 9:30 p.m., lè lès Etazini. Gen kèk pati nan evènman an, tankou fedatifis yo, k ap difize an dirèk tou nan emisyon entènasyonal CNN sou selebrasyon 4 Jiyè/America 250 yo.

Èske mwen ka deplase ant zòn konsè a ak zòn fedatifis yo?

Wi. Yon fwa ou fin pase premye kontwòl sekirite evènman an, w ap kapab fè ale vini ant zòn konsè a ak zòn fedatifis yo.

Èske m kapab lwe yon chèz?

Okenn chèz pap disponib pou lwe.

Èske gen yon zòn aksesib pou moun ki gen bezwen aksè espesyal?

Wi. Zòn aksesib la twouve l anndan Oval la, adwat DCR Hatch Shell la. Moun ki gen andikap ap antre nan zòn ki rezève a selon lè yo rive: premye moun ki rive yo, se yo k ap jwenn plas an premye. Chak moun gen dwa vini ak yon envite, epi envite sa a gen dwa pote yon chèz pliyant. Ap gen entèpretasyon nan Lang Siy Ameriken (ASL) nan Hatch Shell la. Zòn sa a ap fèmen a 6:00 p.m. oswa lè li rive nan kapasite maksimòm li, kèlkeswa sa ki fèt anvan an.